


Peye dèt sipò timoun nan Vil New York la de (2) fwa pi rapid.

PAY IT OFF

Soti 3 pou rive 14 Mas 2025



Plis pase 4 500 paran ki pa gen gad timoun yo te patisce nan pwogram Ranbouse Li (Pay It Off, PIO). Rediksyon mwayen aryere dèt yo dwe NYC DSS (Depatman Sèvis Sosyal Vil Newyork) la pou chak dosye se \$4,800.

Konbyen dèt nou kapab retire pou ou? Aji kounye a pou w ka konnen.

Etap 1 Siyen yon Akò

Soumèt akò ki te ranpli epi siyen an ak kopi pyès idantite w soti 3 pou rive 14 Mas pa mwayen imèl, lapòs, oswa an pèsòn. Li obligatwa pou w gen yon akò separe pou **chak ka** pou resevwa yon kredi.

Voye yon imèl nan: dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, pandan w ap ekri nan seksyon objè a "Pay It Off". Mete non w konplè ak Nimewo Idantifikasyon Dosye w la (egzanp, AB12345X1) oswa dat ou fèt la (dat nesans ou).

Voye l bay:

OCSS - Pay It Off
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

An pèsòn:

Sant Sèvis san Randevou pou Kliyan OCSS
151 West Broadway, 4yèm Etaj
New York, NY 10013
Lè Biwo a louvri: Lendi pou rive Vandredi, 8è am pou rive 6è pm (sof jou konje ak wikkenn yo)



Telechaje
Akò a

Etap 2 Fè yon peman

- Fè yon pèman \$500 oswa plis pou Pay It Off soti 3 pou rive 14 Mas. Yo dwe resevwa pèman yo pa pi ta pase 14 Mas 2025 pou w ka benefisyé kredi a.
- Pèman an dwe akonpanye akò a.
- Lè gen plizyè ka, soumèt yon peman separe pou chak ka.
- Fè peman yo nan non "Sant Tretman Sipò pou Timoun nan NYS (NYS Child Support Processing Center)".
- Mete Nimewo Idantifikasyon Dosye sipò timoun ou an epi ajoute "Pay It Off" (Ranbousman) sou pèman ou an.



Metòd
Pèman yo

Etap 3 Jwenn yon korespondans dola-pou-dola pou peman kalifye

OCSS ap voye yon rezime sou desizyon li pran yo sou 4 jiska 5 semèn apre nou fin resevwa akò ak peman an (yo).

Etap 4 Diminye dèt ou a plis ankò.

Enskri nan Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit Program, ACP)

Benefisyé yon rediksyon dèt inik ki ka rive nan \$2,500 pou aryere yo dwe NYC DSS yo lè w aplike pou ACP sant 3 ak 14 Mas 2025.



Aplikasyon
ACP

Peye obligasyon mansyèl tribinal la òdone a an antye pou yon ane epi jwenn yon rediksyon jiska \$5,000 sou dèt NYC DSS ou a nan fen 12 mwa. Rete nan pwogram nan jiska twa (3) lane, epi w ap benefisyé yon rediksyon total \$15,000 sou dèt ou gen pou NYC DSS la. Gade detay yo nan <https://nyc.gov/ocss-debt-reduction>.

Enterè Sou Jijman Lajan

Si ou fin ranbouse NYC DSS manman lajan an (Kapital) nan kad jijman lajan ou te dwe a, n ap retire enterè ou t ap gen pou w peye yo.

Gade yon egzanp sou kòman nou kapab diminye dèt la epi jwenn plis enfòmasyon sou nyc.gov/payitoff.

Pa rate chans sa a pou diminye dèt ou an!

Ou genyen kesyon? Voye yon imèl nan adrès sa a dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, pandan w ap ekri nan seksyon objè a "Pay It Off" epi mete non konplè w ak Nimewo Idantifikasyon Dosye w la (egzanp, AB12345X1) oswa dat ou fèt (dat nesans ou).